

Peryòd Enskripsyon Espesyal yo

Èske mwen kapab enskri nan yon plan asirans sante andeyò peryòd Enskripsyon Lib la?

Pafwa ou gendwa gen yon gwo chanjman nan lavi w ki chanje bezwen ou nan pwoteksyon asirans sante—tankou si w fenk fè yon timoun, ou pèdi travay ou oswa ou pèdi pwoteksyon asirans sante ou an. Anjeneral, Enskripsyon Lib se sèl lè ou gendwa enskri nan yon nouvo plan asirans sante atravè Mache Asirans Sante an (pa egzanp, HealthCare.gov) oubyen chanje plan ou genyen kounye a. Men si w gen yon gwo chanjman nan lavi w—sa nou rele yon “**evènman grav**”—ou gendwa kalifye pou yon **Peryòd Enskripsyon Espesyal**.

Yon Peryòd Enskripsyon Espesyal kite w enskri nan yon nouvo plan swen sante oswa chanje plan ou andeyò peryòd Enskripsyon Lib la. Epitou, ou gendwa kalifye tou pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal si yon bagay te rive pandan peryòd Enskripsyon Lib la ki te anpeche w jwenn pwoteksyon ki bon pou w an. Se sa ki rele yon “**sikonstans espesyal**”. Al gade tout lis evènman ak sikonstans espesyal la okonplè ki sou de (2) pwochen paj yo.

Rapòte chanjman yo bonè jan sa posib

Si w panse ou gendwa kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal oubyen si gen nenpòt chanjman nan revni w, nan kantite moun ki rete nan menm kay avèk ou oswa nan pwoteksyon sante w, ou ta dwe rapòte enfòmasyon sa a rapid jan sa posib. Pale ak yon asistan pou enskripsyon oubyen ak yon manadjè dosye Pwogram Ryan White oubyen rele Sant Apèl Mache a nan 1-800-318-2596.



Evènman grav yo

Men bagay ki rive **aprè** Enskripsyon Lib la fini. Ou gen **60 jou** apatide day yon “evènman grav” rive pou w enskri nan yon nouvo plan sante.

Gwosè kay ou gendwa chanje akòz:

- Maryaj
- Nesans
- Adopsyon yon timoun
- Plasman yon timoun pou adopsyon oswa nan yon fanmi dakèy
- Akeyi yon nouvo dependan oswa yon moun vin dependan yon lòt moun akòz desizyon yon tribinal
- Pèdi yon dependan oswa klasifikasyon dependan akòz lanmò, divòs oswa separasyon legal*

Ou pèdi tip pwoteksyon sante ki annapre yo:

- Medicaid
- Children’s Health Insurance Plan (CHIP)
- Pwoteksyon sou plan yon paran paske ou vin gen 26zan
- Yon plan sante pou etidyan

Gen yon chanjman nan sityasyon ou ak imigrasyon paske:

- Ou vin yon sitwayen ameriken oswa yon resòtisan peyi Etazini
- Ou tounen yon “moun ki prezan legalman”, ki se yon sitwayen ki pa ameriken ki gen pèmasyon pou abite oswa travay Ozetazini.

Ou pèdi oswa ou pa kapab kontinye peye pou pwoteksyon sante anlwayè w esponsorize paske:

- Ou pèdi oswa ou kite travay ou
- Pwoteksyon COBRA ou an fini
- Yo ba w mwens èdtan travay
- Plan sante anlwayè w lan pa satisfè règ estanda “ase abòdab” ak “valè minimòm” yo akòz yon ogmantasyon nan montan ou dwe peye a oswa akòz yon chanjman nan gwosè fanmi w oswa nan revni w
- W ap demenaje ale andeyò zòn plan asirans sante a bay sèvis, kèlkeswa si ou jwenn plan ou atravè Mache oswa yon anlwayè
- Plan sante w pa disponib ankò atravè Mache Asirans Sante la.

Èske w ap marye oubyen w ap deplase?



Si se premye fwa w ap enskri nan yon plan Mache, ou gendwa bezwen bay dokiman pou konfime egzistans evènman grav la kit e afekte lavi w. Mache a pral kontakte w pou ba w enstriksyon.

Ou te demanaje nan yon nouvo zòn yon fason pèmanan (pa egzanp, nan yon lòt Eta oswa Konte) kote gen nouvo plan sante ki disponib:

- Rapòte nouvo adrè ou bay Mache lan pou wè si w kalifye
- Ou kapab rapòte nouvo adrès ou an nan 60 jou oplita anvan ou deplase pou garanti pa gen reta nan pwoteksyon oswa pwoteksyon w konplè
- Etidyan ak travayè sezonye yo ki deplase gendwa kalifye tou

Gen yon chanjman nan revni w oswa nan gwosè fanmi w ki:

- chanje si w elijib pou èd finansye pou pwoteksyon Mache a, tankou kredi fiscal sou prim (PTC) oswa rediksyon pataj depans (CSR)*
- lakòz ou pèdi egzanpsyon pou difikilte finansyè Mache a ba w

Gen yon bagay ki te anpeche w enskri pandan Peryòd Enskripsyon Lib la:

- Ou te gen yon pwoblèm medikal grav, tankou yon sejou lopital ou pa t espere oswa yon andikap koyitif tanporè
- Ou te viktim yon dezaz natirèl grav tankou yon tranbman tè, yon gwo inondasyon oubyen yon siklòn
- Yo te mete w nan prizon
- Ou te viktim abi nan men konjwen ou, vyolans nan kay, oswa mari oswa madanm ou te abandone w epi kounye a ou vle enskri nan pwòp plan sante w ki pa plan sante moun ki t ap abize w oswa abandone w

* Peryòd Enskripsyon Espesyal sa yo aplikab SÈLMAN pou moun ki enskri kounye a nan yon plan sante kalifye.

Sikonstans Espesyal

Anjeneral, se evèman ki te rive **pandan** Enskripsyon Lib la lè ou t ap enskri nan yon plan ki te petèt anpeche w jwenn pwoteksyon ki apwopriye an. Ou gen **60 jou** apatide dat sikonstans espesyal la te rive pou enskri nan yon nouvo plan sante.

Kalifikasyon w te chanje apre ou te fin prezante demann aplikasyon an:

- Ou te aplike pou Medicaid oswa CHIP pandan Enskripsyon Lib lan epi ajans Eta w pou Medicaid oswa CHIP te deside ou pa kalifye aprè Enskripsyon Lib lan te fini
- W ap viv nan yon Eta ki chwazi pa devlope Medicaid epi revni w depase 100% FPL, sa ki fè ou fenk kalifye pou asistans finansyè (Kredi Fiskal sou Prim oswa Redikasyon nan Pataj Depans)
- Ou prezante yon kontestasyon ki apwouve opre Mache a paske ou panse ou te resevwa yon desizyon sou kalifikasyon w ki pa t kòrèk oswa yon dat mizanplas pwoteksyon ki pa kòrèk

Yon moun ki te ede w enskri pou jwenn pwoteksyon an te fè yon erè:

- Yon erè, yon move ajisman oubyen yon omisyon yon asistan enskripsyon te fè te lakòz swa ou pa t enskri, ou pa t enskri nan plan sante ou te chwazi a oubyen ou pa t resevwa èd finansyè ou te kalifye pou li an.

Yon erè teknik te rive lè w te aplike pou pwoteksyon epi:

- Ou pa t reyisi enskri nan yon plan
- Konpayi asirans sante w pa t resevwa enfòmasyon enskripsyon ou an
- Ou te gade move enfòmasyon sou plan an, tankou enfòmasyon osijè avantaj oswa pataj depans yo, lè ou te chwazi plan sante w lan

Lòt sityasyon yo:

- Plan sante kalifye w te komèt de gwo vyolasyon kont kontra li genyen avèk ou an. Si w panse plan sante w lan pa t respekte kondisyon kontra yo siyen avèk ou an, kontakte Mache a nan HealthCare.gov oswa mache pwoteksyon sante local ou an pou wè si w kalifye pou enskri nan yon lòt plan sante.

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè sityasyon konplike ki gendwa fè w kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal, gade piba la a:

www.healthcare.gov/sep-list




Ou p ap jwenn yon Peryòd Enskripsyon Espesyal si:

- Ou fè ekspre pou kanpe lòt pwoteksyon (tankou plan anplwayè a esponsorize)
- Ou pa t peye prim asirans sante mansyèl ou an
- Ou fenk kalifye pou asistans finansyèl (kredi fiscal sou prim ak rediksyon pataj depans) men ou poko enskri nan yon plan Mache a ofri
- Dènye pwoteksyon sante w lan pa t respekte règ estanda pwoteksyon esansyèl minimòm.
- Ou fè fwòd asirans (men pa yon erè) sou aplikasyon w lan

Peryòd Enskripsyon Espesyal yo ki liste isit aplikab nan tout Eta Etazini yo. Eta yo ki liste annapre an gendwa gen Peryòd Enskripsyon Espesyal adisyonèl: Kalifòni, Kolorado, Konektikòt, Distri Columbia, Idaho, Maryland, Massachusetts, Minnesota, New York, Rhode Island, Vermont ak Washington.

Ale nan www.healthcare.gov/marketplace-in-your-state oswa tcheke opre yon asistan enskripsyon pou jwenn plis enfòmasyon.



Koumanse an 2019, moun ki kalifye pou yon SEP epi ki vle chanje plan ka oblije chwazi yon plan nan menm nivo metal oswa kategori plan ke plan yo gen kounye an. Pa egzanp, si w deja enskri nan yon plan nivo Lò (Gold) epi ou vle chanje plan, ou gendwa oblije enskri nan yon lòt plan nivo Lò (Gold) jiska pwochen Peryòd Enskripsyon Lib la.

Chanjman sa a aplikab pou moun ki kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP) grasa senaryo ki rive pi souvan yo, tankou pèt yon asirans sante, demenajman nan yon nouvo kay oubyen yon chanjman nan kantite moun ki rete nan menm kay avèk ou an. Sèten senaryo ki konplèks, tankou senaryo kote gen fo deklarasyon pswa erè nan afichaj plan an, pa limite kapasite w pou chwazi yon nouvo plan pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP).



ACE TA Center ede founisè Pwogram VIH/SIDA Ryan White enskri divès kliyan nan asirans sante. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan: www.targethiv.org/ACE

Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki te pare dokiman sa a epi Resous Sante ak Administrasyon Sèvis (Health Resources and Services Administration – HRSA) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) te bay asistans li selon Sibvansyon #U69HA30143: Fasilite Swen ki San Rete: Ranfòse Kapasite Benefisyè Pwogram Ryan White pou Enskri Kliyan Elijib nan Pwogram Swen Sante ki Bon Mache. Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon yo se otè an sèlman ki responsab yo epi yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon ofisyèl oswa politik HRSA, ni pèsòn pa ta dwe sipoze HRSA oswa Gouvènman Etazini dakò avèk yo.